# ÁJINIYAZ QOSÍBAY ULÍ LIRIKALARÍNDA MUHABBAT TEMASÍNÍŃ JÍRLANÍWÍ

**Ganieva Gulmira Maksetbaevna**
*Ájiniyaz atındağı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı,*
*Gumanitar hám jámiyetlik pánlerdi Aralıqtan oqıtıw kafedrası assistent-oqıtıwshısı*
ggulmiraganieva@gmail.com

**DOI: https://doi.org/10.5281/zenodo.15079330**

***Annotaciya:*** *XIX ásirdegi qaraqalpaq klassik ádebiyatınıń eń kórnekli wákilleriniń biri Ájiniyaz Qosıbay ulınıń lirikaları haqqında jazılğan. Ájiniyazdıń shığarmaları xalqımızdıń tariyxı, jasaw jağdayları menen tığız baylanıslı júzege kelip, dáwirdiń ayqın ózgesheliklerin, turmıs haqıyqatlıqların beriw menen ayrıqshalanadı. Sonıń menen birge Ájiniyazdıń tariyxıy qubılıslar, insan hám onıń ómiri, insannıń gózzalığı, insannıń ruwxıy keshirmeleri, dúnyanıń barlıq qublısların lirika tili arqalı sáwlelendirgeni menen áhmiyetli ekenligi hám muhabbat lirikaları haqqında da sóz etiledi.*

***Tayanısh sózler:*** *lirika, muhabbat, ádebiyat, ilimiy-dóretiwshilik, ilimiy-teoriyalıq, watan, insan gózzallıq.*

Ózbekstan Respublikası ğárezsizlikke iye bolğannan soń siyasiy, ekonomikalıq, jámiyetlik bağdarlarda kóplegen ózgerisler júz berdi. Sonıń menen birge xalqımızdıń biybaha ruwxıy baylıqların qayta tiklewge hám qádirlewge keń jollar ashıldı. Ájiniyazdıń shayırlıq dúńyası, onıń dóretiwshiligi qaraqalpaq poeziyasında óz aldına mektepti payda etti. Onıń doretiwshiligi ózine tán ózgeshelikke iye, oğada talantlı, oqımıslı, óz poeziyasında Kúnshığıs klassikalıq ádebiyat wákilleriniń dásturlerin engize alğan kórkem sóz sheberleriniń biri bolıp tabıladı.

XIX ásirdegi qaraqalpaq xalqınıń ullı oyshılı hám talantlı shayırı – Ájiniyaz Qosıbay ulı tek ğana qaraqalpaq xalqınıń ğana emes, jáhán ádebiyatınıń belgili kórkem sóz sheberlerinen biri bolğan insan. Sonıń ushın da onıń atı Orta Aziya xalıqlarında Nawayı, Fizuliy, Maqtumqulı, Abay, usağan úlken sóz sheberleriniń atları hám miyrasları sıyaqlı xalıq ádebiyatı hám mádeniyatında óshpes iz qaldırıp ketken shayırlardan esaplanadı. [ 1-3 ]

Hár qanday xalıqtıń belgili bir zamanlarda onıń jasaw shárayatı, kewil dártlerin sóz sheberligi menen jırlawshı, olardıń quwanısh hám qayğısın óz lirikalarında jırlawshı shayırı boladı. Qansha waqıt ótse de xalıq onıń qosıqların umıtpay, qásterlep yadında saqlaydı. Onıń qosıqların esitkende yamasa oqığanda insan kewli lázzetke bólenip, ómir súriwge degen háwesi artadı. Ájiniyaz shayır dóretpeleri ideyalıq-tematikalıq bağdarları boyınsha shártli túrde muhabbat lirikası, didaktikalıq lirika, filosofiyalıq lirika, patriotlıq yaki bolmasa watan haqqındağı qosıqlar bolıp bólinedi.

Ájiniyaz qaraqalpaq klassikalıq poeziyasınıń talantlı wákili bolıp tabıladı, onıń poeziyasında hár qıylı janrlıq formadağı shıǵarmalardı ushıratamız. Biraq Ájiniyaz dóretiwshiligindegi tiykarǵı janrlıq forma bul tórt qatarlı jaydarı qosıq forması bolıp tabıladı. Shayırdıń Shıǵıs poeziyası úlgisinde jazǵan qosıqlarınan muxallesslerdi, máselen «Qız Oraz», «Oyan», «Beri kel», «Ay álip» qosıqların atap ótiwge boladı. Muxallesler tematikası boyınsha muxabbat lirikasına kiriwshi shıǵarmalar bolıp, olardıń tiykarǵı ózgeshelikleri eń keminde on tórt buwınlı bes qatardan turıwshı qosıq forması bolıp tabıladı.

Nıspı sháb keldim qashıńa, nazlı jananım oyan,
Sham-shıraq yaqtım bashıńa, nuwrı ánwarım oyan,
Kózlárimniń ráwshanı, ol mahı tabanım oyan,
Yolında zar áylegen, áy misli áfǵanım oyan.
Men seniń keldim qashıńǵa, ráhim et, janım oyan. «Oyan» muxallesi

Ájiniyaz qaraqalpaq poeziyasınıń áyyemgi zamannan beri qáliplesken dástúrine óziniń tikkeley jańalıǵın qosqan shayır. Onıń qosıq qatarlarındaǵı sózlerdiń sheberlik penen jazılıwı sıngırlaǵan jaǵımlı sesler berip, júrekti eljiretiwi onıń jańashıllıǵın kórsetip, keń mazmun menen obrazdı burınnan soń hesh kim kórip bilmegen kórkem kelbetine jetkizilgenlikten onı ullı reformator shayır retinde de bahalaw múmkin. Bunıń bul ózgesheleliklerin basqa shayırlar menen salıstırǵanda olardıń ishinde bilinip turatuǵınlıǵınan da kóremiz. Sonlıqtan, onı aqıl oydıń shamshıraǵı, poeziyanıń biyik mamanı, adam janınıń japakeshi dep ulıǵlaw orınlı boladı.

Adamlarǵa shıǵarmalardan gózzallıqtı izlew tán qubılıs. Eger adamnıń sulıwlıqqa úziliksiz talpınıwı bolmaǵanda, jerde gózzallıq degen túsinik bolmas edi. Dúnya gózzal, sheksiz, kóp qıylı. Sol dúnyanıń jańa boyawların ashıp, jańa tereńliklerine shúmiw, demek xalıqqa xızmet etiw gózzallıq ideyasına xızmet etiw bolıp tabıladı.

Q.Járimbetov: «Ájiniyazdıń muhabbat qosıqlarında lirik qaharmanlar júdá jetilistirilgen, individuallasqan túrde sáwlelengen. Lirik qaharman onda taza, móldir ıshqı muhabbattı, onıń sheksiz azap-aqıbetlerin tikkeley ózi bastan keshiredi» [2-27.] - dep kórsetedi óz miynetinde.

Ájiniyazdıń muhabbat qosıqları qaraqalpaq poeziyasında oǵada áhmiyetli.
Hár bir shayır qáleminde muhabbat teması jańadan jırlanıp baradı. Ájiniyaz dóretiwshiliginde de muhabbat teması ayrıqsha orın tutadı. Shayır muhabbat temasındaǵı qosıqlarında júrektegi ishki debdiwlerdi, názik ıshqı sezimlerin sheberlik penen jırlaydı. Mısalı:

Íshqı zimistanın misli yaz etip,
Yurishin mısalı quba ǵaz etip,
Bir qayrılıp ashıǵına naz etip,
Arzıw-árman bilán kelán, sáwdigim [3-13].
Qosıqta súygenine jetise almaǵan, ayralıq dártine giripdar bolǵan ashıq yardıń ishki dártleri tómendegishe jırlanǵan:
Ne yaman dúnyada – ayralıq yaman,
Yarını alalmay qalǵan dım yaman,
Bayaǵı jaylawdan ótsem hár zaman,
Túshársán yadıma meniń, sáwdigim [4-26].

Professor Q. Jarimbetov óziniń “XIX ásir qaraqalpaq lirikasınıń janrlıq qásiyetleri hám rawajlanıw tariyxı” monografiyasında: “Ájiniyaz bul shıǵarmalarda tek ǵana emociyalar, sezimler dúnyasın beriw menen sheklenbeydi, al olarda turmıstıń belgili bir tarawın sáwlelendiredi. Bul jerde shayır óz shıǵarmasın sewgi-muhabbat temasına baǵıshlap, adamzatqa tán hasıl qásiyetlerdiń birin lirikalıq sezimler arqalı beredi” - dep óz miynetinde keltirip ótedi. [5-13].

Muhabbat ólmeytuǵın, qayta-qayta jırlanǵan sayın qırları menen sırları ashılıp barıla beretuǵın sezim. Biraq hár shayır óz ishki keshirmelerin, oy-tolǵanısların túrlishe beredi. Júreginiń túp-túbinen shıqqan sózler menen boyap, óz álemine sharlaydı. Solay eken, biz kórkem shıǵarmalardaǵı bul qúdiretli sezimniń sáwlesine qarap, shayır júregindegi muhabbattı kóriwimizge boladı.

XIX ásir qaraqalpaq poeziyasında Ájiniyaz dóretiwshiliginde muhabbat lirikası álwan-álwan boyawlar menen kestelengen kesteler kibi ayqın kózge taslanadı. Shayırdıń bul temada jazǵan júda kóplegen qosıqları bar. Olardıń kópshiligi xalıq arasında keńnen tarap, qanshama kewillerden orın alǵan. Bul qosıqlardıń barlıǵı bir temaǵa arnalıwına qaramastan heshbirinde birin ekinshisi tákirarlaw ushıraspaydı. Bunda shayırdıń júrek tórinen shıqqan jıllı sezimleri berilgen. Professor Q.Járimbetov Ájiniyaz dóretiwshiliginde ushırasa-tuǵın muhabbat lirikasın bılay dep baha bergen edi: “Lirikanıń janrlıq talaplarına tolıq juwap beretuǵın muhabbat qosıqları dáslepki mártebe tek XIX ásir qaraqalpaq poeziyasında, anıǵıraq aytsaq Ájiniyaz dóretiwshiliginde kórinedi, olar óz aldına janr bolıp qáliplesedi hám pútin bir filosofiyalıq konsepciya dárejesine kóteriledi",-degen edi. [ 6-107]

Haqıyqatında da, Ájiniyaz qaraqalpaq ádebiyatında bul temanı baslawshılarınan boldı desek hesh qátelespegen bolamız. Onıń “Gózzallar”, “Bir

janan", "Bir páriy" h.t.b. qosıqları usı lirikanıń ájayıp úlgilerinen esaplanadı. Shayırdıń "Bir janan" qosıǵın alıp qarayıq:

Kózime kórinub, begler, bir janan,
Shiyrin janim otqa yaqtı da ketti.
Yalǵanı yoq, bul sózimá sen inan,
Mıń jılwa naz áylep, baqtı da ketdi.

Bul qatarlarda shayır ashıq bolǵan súyikli yarınıń diydarın kóriw waqtındaǵı halatı yaǵnıy ózin joǵaltıp alǵanlıǵı súwretlenedi. Usı qosıǵı menen bir qatarda shayırdıń "Bir páriy" qosıǵı usas bolıp keledi. Mısalı,

Zerbaraǵ órilgen tillá shashbaǵı,
Aqıl-hushım alıp ketti bir páriy.
Tal shıbıqtay qıpsha beli-belbaǵlı,
Meni hayran etip ketti bir páriy [ 7- 74 ]

Onıń dóretpelerinde ashıqlıq, muhabbat mazmunı jiyi ushırasatatuǵınlıǵı ushın da, yar obrazı, qızdıń sırtqı kelbeti, shırayı, súygen yarǵa degen opadarlıq sezimleri, bári-bári súwretlengen.

Juwmaqlap aytqanda, Ájiniyaz shayırdıń lirikalarında tereń máni, ótkir sezimler berilgen. Onıń lirikaların oqıǵanda oqıwshı óz-ózinen ruwxiy gózzallıq, ómirge degen súyispenshilik sezimlerin sezinedi.

**Ádebiyatlar:**

1. Ә.Пахратдинов "Әжинияз шайырдың коркемлик дуньясы" Нөкис – 2014
2. Жаримбетов Қ. XIX аср қорақалпоқ мумтоз лирикаси. Жанр хусусиятлари
3. ва ривожланиш тарихи. Докторлик диссертация автореферати. Нукус, 2005.
4. Әжинияз. Зийўар. Таңламалы шығармалары. – Нөкис, 1988.
5. Әжинияз. Бүлбилзибан. Таңламалы шығармалары. – Нөкис, 2014.
6. Жәримбетов Қ. X1X әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарийхы. Нөкис, «Билим», 2004.
7. Қ.Жәримбетов. XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарийхы. –Нөкис. «Билим», 2004.
8. Әжинияз. Таңламалы шығармалары. –Нөкис. «Қарақалпақстан».1988